

AMASEZERANO Y'IBANGA MU KWITANGA
Mu mashure ya Knox County

Jewe, _____, ndatahura ko nk'uwitanga mu mashure ya Knox County na cane cane kuri _____, nshobora kumenya canke nkabona amakuru y'umunyeshure y'ibanga ahishwe n'amashami akingira abana bita Family Education Rights Privacy Act (FERPA), na Health Insurance Portability and Accountability Act (HIPPA), canke ayandi mategeko ya state ya Tennessee avuga ibintu vy'ibanga vyerekeye abanyeshure n'abakozi b'amashure ya Knox County. Kubw'ivyo rero, bijanye nuko a m a s h u r e ya Knox County yampaye kwitanga mu mashure yayo, **nemeye kutazoganira, canke kuja impaka, kuvuga, canke kubwira abandi, vyaba ivyo nabonye canke nunvise vy'ibanga ku munyeshure canke umukozi wese w'amashure ya Knox County.** Ndemeye kuzogumya ibanga ku bintu vyose nzoba namenye bitagomba gusohoka kandi nkanabwira ubuyobozi bw'ishure ko nabonye ibintu vy'ibanga.

Ibi vyose bikurikira vyerekeye abanyeshure bifatwa "nk'amakuru y'ubuyobozi", kandi vyo s'ibanga: izina, adresi, amavuko, amatariki y'ishure (imyaka yonyene – hatarimwo iminsi y'ibisibo), Imyaka amaze kurangiza, Ibihemba/ impamyamba bumenyi yaronse, imikino n'ibindi bikogwa bijanye, ubunini n'uburebure bw'umukinyi, urutonde ry'imikino, hamwe n'intambwe hamwe n'ibihembo mu mashure no mirimo ya nyuma y'ishure. N'ibi navyo bigomba gutangwa aruko biherewe uruhusa. **Ibindi vyose vyerekeye umunyeshure bigomba gufatwa ko vyose ari ibanga. Usabwe kubibwira umuyobozi w'ishure mbere yuko hari IKINTU na kimwe uvuga.**

Gufata amafoto canke amasanamo atari ayo abana bawe kandi ukayashira ku mbuga bifatwa nk'ukumena ibanga kandi bibujijwe mu bigo vya KCS. Aha harimwo igihe bari m'uburiro, mw'ishure, hamwe no hagati y'amashure aho baca.

Ibi bikurikira navyo biraba abakozi b'amashure ya Knox County hamwe n' abagize imiryango yabo navyo bigomba kuba ibanga: Ivyavuye mu bugenzuzi bwabo, numero za terefone zo murugo n'izo bagendana, ikonte ya banki, ikonti y'amagara niyo kuzigama, ikonti yo guteganya izabukuru na pensiyo, numero ya social security, adresi y'ibarabara babako, driver's license, abantu babo bohamagara vyihutigwa, na email yabo (atari iy'amashure ya Knox County).

UMUKONO

ITARIKI